Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 29 (6549) 5 июнь 2017 с. Итни Рамазан 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Социалиял хIалтIухъабазда баркула

**Гумбет районалъул социалиял хIалтIухъабазда ракIракIалъ баркула 8 июналда кIодо гьабизе бугеб социалияв хIалтIухъанасул къо.**

ТIадал ишал, цере лъурал масъалаби тIуразариялъулъ лъикIал хIасилал росизе хIаракатги бахъулаго, жидерго махщалилаб байрамалда дандчIвай гьабулеб буго социалиял хIалтIухъабаз. РакIчIараб буго социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз гIадамазе хъулухъ гьаби цебетIезабиялде хадубккунги кIвар кьезе букIиналда.

Гьарула социалиял хIалтIухъабазе хIалтIулъ бергьенлъаби, сахлъи, рохел, халатаб гIумру.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Электроэнергиялъул даража борхизабиялъул суал

### ГIадамал къабул гьаруна

**Гумбет районалде 27 маялда вачIана Дагъистаналъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул заместитель МухIамад МухIамадов ва гIадамал къабул гьаруна. Гьеса цадахъ гIадамал къабул гьаруна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас, муниципалитеталъул жавабиял хIалтIухъабаз.**

Дагъистаналъул бетIерасул политикаялъул рахъкколеб республикаялъулаб идараялъул Гумбеталда бугеб гIуцIиялъул нухмалъулев **Сайпудин АхIмадовас** борхана коммуналияб гIарац ва субсидиял рачIин гьоркьоб къотIулеб букIиналъул суал. «Субсидиял щвезе ккани законалде дандекколел документал ва магIишатиял тIахьазда хъвай-хъвагIай букIине ккола» - ян абуна МухIамадовас. Гьес рагIи кьуна гьеб суалалъул халгьабизеги.



Районалъул найихъабазул гIуцIиялъул нухмалъулев **УхIумасултан МухIамадовас** абуна найихъанлъиялъул продукция бичизе бакI гьечIилан, на гIезабулезе дотация щвеялъулъ захIмалъаби дандчIвалин. «Районалда буго 7000 найил тIала, рес буго гьел цIикIкIинаризеги. ЛъикIаб букIинаан республикаялда къабул гьариялъул пункталъ рагьани, найихъанлъиялъул продукциялъул лабораториялъулал анализал гьаруни», - ян абуна гьес. ТIадехунисел идарабазда гьеб суал борхизе рагIи кьуна МухIамадовас.

Гъоркь Инхо, ТIад Инхо, Килалъ, Гьарадирихъ, Данухъ росабазул гIадамаз абуна интернет – бухьен загIипго гурони хIалтIулеб гьечIилан. Бицана гIадамал электроэнергиялдалъун хьезариялъул рахъ лъикI гьечIолъиялъул, канлъи гIемер свинабулеб ва гьелъул хIасилалда токалъул алатал холел рукIиналъул.

Росабазул поселениязул администрациязул бутIрузги рорхана электроэнергиялдалъун хьезариялъул, интернет-бухьеналъул, транспорталъул хIалтIулъ гIунгутIаби дандчIвалел рукIиналъул суалал. Щибаб росдал хIажалъаби батIа-батIаги хъван, гьел тIураялде кIвар буссинабизе бугилан абуна.

**«Гумбет» РИО**

КЪАНУН – ЖАМГIИЯБ КЪОТIИ

## Экономика: рагIдукьа бакъалде

### Бакълъул районалде вачIун вукIана Марат ГIабдулхIамидов

**24 маялда Гумбет районалде вачIун вукIана Дагъистан Республикаялъул экономикияб цебетIеялъул министерствоялъул вакил Марат ГIабдулхIамидов. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас тIобитIана законалде данде кколареб куцалда хIалтIулел ругел гIадамал тIатинариялъул рахъалъ хIалтIулаб группаялъул данделъи.**

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъана Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров, ДРялъул экономикияб цебетIеялъул министерствоялъул вакил Марат ГIабдулхIамидов, районалъул администрациялъул экономикаялъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулев **ХIусен Мутаев**, Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъул ПУялъул ва АСФялъул группаялъул нухмалъулев **Зубайр ГIабидов**, Федералияб налоговияб хъулухъалъул районазда гьоркьосеб № 12 инспекциялъул бетIерав специалист **Салман Сурхаев.**

Законалде данде кколареб куцалда хIалтIулел гIадамал тIатинариялъул рахъалъ Гумбет район республикаялда церетIуразул къеразулъ букIиналъул, гьел тIатинариялъул хIалтIи пенсиязул фондалъул, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул, налоговияб инспекциялъул, ФОМСалъул, социалиял хIалтIухъабаз цадахъ лъугьун гьабулеб букIиналъул бицана гьениб. ТIадчIей гьабуна хадубккун гьабизесеб хIалтIудаги.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



«Бахъуге лъималазухъа бакъ»

-2 гьум.



Алжан – эбелалъул хIатIакь

-2 гьум.



Аза-азар гIи МагIарухъе щвана

-3 гьум.



Бакълъулазул гугарухъаби турниралъул чемпионаллъун рахъана

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ПIали-хIажи

№ 29 5 июнь 2017 с.

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# Имамзабиги тIагIун, Дагъистан хараблъидал...

### «Миллаталъул» «Адабияталъул сагIат»

**«Миллат» газета буго сапаралда, нухда, гIадамазухъе, нужер ракIазухъе, пикрабазухъе гIедегIун. «Миллаталъул» редколлегиялъул хIаракаталдалъун хIалтIулеб буго киналго магIарул газеталгун журналал гьорлье рачараб МагIарул басмабазул цолъи ва «МагIарухъ» сайт. 2017 сонаялъул маялдаса байбихьун, «Миллат» газеталъ биччалеб буго цIияб проект – моцIида жаниб цо нухалъ кьватIибе бачIунеб «Адабияталъул сагIат» абураб телепередача. Гьеб проекталда аслияб кIвар кьезе буго нилъедаса ратIалъарал, цересел гIасрабазда рукIарал, гьединго жакъа кьалмиде чучулел ругел, магIнаял асарал халкъалъе тарал магIарул хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул асараздеги гIумру лъазабиялдеги.**

ХIайбулаевги (Аллагьас жиндир мунагьал чураяв).

Игьалиса Чупалав гьоболги гьудулги вукIун вуго дир кIудияв инсул, ГIахьвахъа ДегIенчо-хIажиясул вас ХIажиХIажияв-дибирил. Гьевги 1937-абилеб соналда НКВДялъул «тройкаялъ» «халкъалъул тушманилан» туснахъ гьавун вуго ва 1938-абилеб соналъ чIван вуго.

Умумузул баракаталдалъун, Игьалиса Чупаласул ирсилав СайгидгIали Бибулатовасулгун ва гьезул гIагарлъиялъулгун нижер щулияб гьоболлъигьудулльи буго. Щибаб дандчIваялда СайгидгIали Бибулатовас гIемер бицуна жиндирго кIудияв инсул хIакъалъулъ, гIемер рикIкIуна гьесул шигIраби ва назмаби... ТIоцеве дун Игьаливе гьоболлъухъе шведал, жеги чIаго йикIана СайгидгIали Бибулатовасул эбел НагIали (Аллагьас гьелъул мунагьал чураги). Нусиде сонал рахараб гьей дида йикьана КъурьанцIалулей... РакIалде щвезавуна жиндирго эменги. «Дир дада», – ян кутакаб хIеренлъирокьигун такрар гьабулеб букIана гьелъ, жиндирго инсул гIумру ва кьогIаб къисмат ракIалде щвезабулаго».



Исана 20-абилеб маялда «Миллат» басмаялъул редакциялда тIобитIана «Адабияталъул сагIат» передачаялъул тIоцебесеб данделъи, «гургинаб стол». Гьениб гьоркьоб лъуна хъвадарухъан ва гIалимчи Игьалиса Чупаласул (1877 -1937) гIелмиябгун адабияб ирс. Данделъиялда гIахьаллъана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев, «Гъудуллъи» журналалъул редактор **МухIамад ПатахIов,** МагIарул басмабазул ассоциациялъул нухмалъулев **МухIамадрасул ГIумаров,** Бакълъул мухъалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов,** Игьалиса Чупаласул ирсилал **СайгидгIали Бибулатов ва МухIамад ХIасанов.**

«Адабияталъул сагIат» проекталъул передачаби лъун руго «Ютубалда» «Миллат» басмаялъул гьумералда. Гьел ратула гьаб адресалда: https://www.youtube.com/channel/UCYry9AanrFtw7JR4qV0_m_A

Тохтур ва жамгIияв хIаракатчи **ГIабдуллагь ХIажиев,** «Миллат» басмаялъул «Адабияталъул сагIат» передачаялда хурхун, гьадинаб пикру загьир гьабуна: «Кутакалда рекIее гIуна «Адабияталъул сагIат» проект гьоркьоб ккун, кIудияв гIалимчи ва шагIир Игьалиса Чупаласул (жинда Аллагь гурхIаяв) хIакъалъулъ гьабураб передача. Аллагь разилъаги гьесул асарал халкъалъухъе щвезе данде гьаруразда, передача гIуцIаразда ва юбилей тIобитIиялъе квербакъулезда. Гьеб рахъалъ кIудияб хIалтIи гьабуразда гьоркьов вукIана гIалимчи-филолог Сиражудин латовасул эбел НагIали (Аллагьас гьелъул мунагьал чураги). Нусиде сонал рахараб гьей дида йикьана КъурьанцIалулей... РакIалде щвезавуна жиндирго эменги. «Дир дада», – ян кутакаб хIеренлъирокьигун такрар гьабулеб букIана гьелъ, жиндирго инсул гIумру ва кьогIаб къисмат ракIалде щвезабулаго».

ГIемерал соназ Гъуниб мухъалъул имамлъун хIалтIарав, цересел гIалимзабазул, хъвадарухъабазул ва тарихалъул тIахьал хъварав ГьонодасаКаримуллагь МухIамадовас гьадинаб къимат кьуна «Миллаталъ» кьватIибе биччалеб бугеб «Адабияталъул сагIат» проекталъе: «ЛъикIаб хIалтIи гьабулеб буго. Умумузул цIарал ракIалде щвезариялде бахараб хIалтIи букIунаро. Игьалиса Тажудинил къо тIобитIизеги рекъараб букIинаан».

«Имамзабиги тIагIун, Дагъистан хараблъидал, хваралги ракIалде щун, шигIру гьабун бихьизин», – абун хъвана Игьалиса Чупалас «Цересел бахIарзазде» абураб асаралда. Гьев гIалимчиясул ва шагIирасул цIар нилъер халкъалъул рекIелъ буго. «ГIажамIехьалдасан» цIалун, рекIехъе лъала чIахIияб гIелалда Чупаласул назмабиги, туркабиги, цоги асаралги. ЦIияб гIелаздаги лъазе мустахIикъаб руго Чупалав ва гьесул гIелмиябгун литературияб ирс. Хрестоматияздаги рекьела гьесул асарал. «Адабияталъул сагIаталъ» гьединал цIарал тIадруссинариялъе ва гьезул асаралгун гIумру лъазабиялъе хадубккунги хIалтIи гьабизе буго, иншаАллагь.

**ГIизудинил ХIамзат**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# «Бахъуге лъималазухъа бакъ»

### Набигулагь АхIмадибировасе кьуна районалъул бетIерасул ХIурматалъул грамота

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул нухмалъулев, Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигулагь АхIмадибировасе кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасул рахъалдасан ХIурматалъул грамота.**



Набигулагьие гьеб щвана террористазул квердасан хварал бакълъулазул гIолохъаби ракIалде щвеялъул хIурматалда гIуцIараб, терроризмалда дандечIараб «Бахъуге лъималазухъа бакъ» абураб тадбир хIадуриялъе ва тIобитIиялъе гIоло.

Баркула АхIмадибировасда гьеб шапакъат, гьарула сахлъи, рохел, гьарулел ишазулъ икъбал, рохизареги районцоял хадурккунги видеороликаздалъунги, Гумбеталъул маданияб централда тIоритIулел тадбиразданьунги.

**«Гумбет» РИО**

ЭБЕЛАЛЪ ДИР КИНИДАХЪ КУЧIДУЛ АХIИЧIЕЛАНИ

# Алжан – эбелалъул хIатIакь

### Бакълъул районалъул руччабаз гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул руччабазул съездалда

**МахIачхъалаялда гIурус театралда тIобитIана Дагъистаналъул руччабазул съезд. Гьеб рагьана Халкъияб Собраниялъул депутат Людмила Авшалумовалъ. Съездалда гIахьаллъи гьабуна 510 чIужугIаданалъ, гьезда гьоркьой йикIана Гумбет районалдаса 5 чIужугIаданги.**

«Дагъистаналъул руччабазул союз» жамгIияб гIуцIиялъул съездалда ракIалде щвезаюна гIумрудул ахириселминутазде щвезегIан ДРялъул руччабазул Союзалъе нухмалъи гьабурай Дагъистаналъул халкъий шагIир Фазу ГIалиева.

Съездалда баркиялъулаб кIалъай гьабуна ДРялъул хIукуматалъул тIоцевесев вице-премьер **Анатолий Карибовас.** Дагъистаналъул руччабазул гьеб кIудияб мажлисалда гIахьаллъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель **СайгидахIмад АхIмадов.**

Руччабазул Союзалъул председателасул ишал тIуразарулей **Интизар Мамутаевалъ** ва кIалъазе рахъарал цоги-





дазги бицана жамгIияталда чIужугIаданалъул кIваралъул, районазда ва шагьаразда гьарурал ва гьаризе ругел хIалтIабазул хIакъалъулъ.

Съездалда киналго разилъун Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул председательлъун йищана Интизар Мамутаева. Гьелъ Съездалъул хIасилал гьаруна ва абуна республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас руччабазул гIуцIабазде кIвар кьолеб бугин, гьесул хIаракаталдалъун лъималазе лъай ва тарбия кьеялъул ишалъулъ эбел-инсул жавабчилъиялъул хIакъалъулъ закон бахъун бугин.

**«Гумбет» РИО**

ШАМИЛ ИМАМАС 220 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Генуса генералиссимус ракIалде щвезавуна

### Шамил имамасул хIакъалъулъ хъварал асаразда тIасан конференция

**Гумбет районалъул централияб библиотекаялъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалда МельелтIа аслияб школалъул коллективалъгун цадахъ тIобитIана хъвадарухъан П. А. Павленкол «Шамил» абураб тIехьалдасан тIахьал цIалулезул конференция. Гьеб сайгъат гьабураб букIана Шамил имамасул юбилеялъе.**

Тадбир рагьана централияб библиотекаялъул гIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей Хамсат Ибрагьимовалъ. Гьелъ бицана Шамил имамасул гIумрудул ва рагъулаб нухалъул хIакъалъулъ. Хадуб МельелтIа аслияб школалъул 7 классалъул цIалдохъаби **Наида Мусаевалъ, ПатIимат Эсенбулатовалъ, Пари ГIумаровалъ, Зайнап ХIамзатовалъ, Хамисат Биларбиевалъ, Хадижат ГIабдужалиловалъ** бицана Шамилил хIакъалъулъ, гьес рагьда бихьизабураб бахIарчилъиялъул. Шамилил нухмалъиялда магIарулазул бихьинчияб кьеркьеялъул бицана школалъул директор **Зульфия ХIажимурадовалъ.**

ГIадамазе хъулухъ гьабулеб отделалъул библиотекарь **Залмо ГIабдулаевалъ** гIуцIун букIана «Имам Шамил» выставка. Залалда хIадурун букIана Шамил имамасул биография, Кавказалъул рагъул кIвар бугел лъугьа-бахъинал загьир гьарулеб стенд.

Ахиралда тIахьал цIалулезул конференция тIобитIиялъул гIуцIарухъан **Багьжат Мурадовалъ** баркала кьуна гьеб тадбиралда гIахьаллъаразе.

**Къурмагьиз ХIадисова**

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Аза-азар гIи МагIарухъе щвана

## Исана мугIрузде гIи нухда кваlквал ккечIого гочана

**Роолил мучIдузде гIиял рехъаби гочинариялъул хIакъалъулъ Гумбет ветуправлениялъул бетIерав ветврач СайгидмухIамад ГIабдулкъадировасулги Гумбет басмаялъул хIалтIухъаналъулги гьадинаб гарачIвари ккана.**

**- СайгидмухIамад, кин унеб бугеб районалда роолил мучIдузде гIи гочинабиялъул иш?**



- ГIи унтабаздаса цIуни мурадалда гочине байбихьула 10 маялдаса кватIичIого. Амма гьедин гьеб гIуцIун кидаго бажаруларо ва бажаричIо. МагIарухъ бугеб гьава-бакъалда банги, тIабигIиял шартIазда хурхунги кидаго байбихьулаан маялъул ахирисел къоязда ва халат бахъунаан 15 июналде щвезегIан. Исанайин абуни, гьава-бакъалъул рахъалъ лъикIал шартIал рукIиналъ, гьеб байбихьана 4-5 маялда.

Ихдал гIи гочинаби



буго захIматаб иш. Цадахъ букIуна жеги цIубачIеб тIинчI. Гьава-бакъ букIуна хисардулеб. ГIага-шагарго роолил мучIдузде бахуна СПКязул, КФХязул, цогидалги гIуцIабазул ва жалго гIадамазулги 50 гIанасеб рехъен. 29 маялде магIарде щвана 55 азарго гIанасеб гIи ва 30-31 маялда къватIибе бахъана 12 азарго гIанасеб гIи.

МугIрузда парахалъана «Мехельтинский» СПКялъул ва жалго гIадамал бетIергьанаб гIи. Гьединго мугIрузде щвана Цилиль, Ингишо, Данухъ, Гьарадирихъ, Щабдухъ, Игьали росабазул гIиял рехъаби. Гьабуна гIияе ящуралде, чанхъил, харил унтиялде данде уколал ва гIи чурана.

ГIи гочунаго цадахъ рукIана ветхIалтIухъабиги. Исана гIадин нухда чахъу унтичIого магIарде гIи цониги соналъ бахарабищали дида лъаларо. Араб соналъин абуни нухда 15 азарго чахъдае харил унтуе уколал гьаризе ккана.

Исана нижеда нухда батана Хьаргаби районалъул КIикIуниса чиясул базаргъоялъ кIотинабураб гIи. Гьезие кумек щун буго. ТIаде гьабизе кколеб нижеца малъана ва кодор рукIарал дараби кьуна.

**- МагIарде рахиндалги гьаризе кколел хIалтIаби ратила?**

- МагIарде гIи баханилан гIодоре риччан чIезе бегьуларо. Гьеб буго тIадеги жавабияб заман. Роолил мучIдуздаса битIун пайда босани, хаслихълъиялде гIи лъикIаб кьаралъиялда букIуна.

ГьабсагIат байбихьун буго кьагIазе цунтрузде данде дару кьезе, сибирская язваялда, ящуралда данде уколал гьаризе. Гьединго бахъизе буго гIиял би ва гьаризе руго бруцеллезалда данде уколал.

**- ГIияе уколал гьаризе дараби щунгутIи бугищ?**

- Щибниги гьечIо. Амма гIиял бетIергьабазда магIарде рахаралго гьаризесел хIалтIабазе ниж кIочон тола. ГIемерисел кодоре щоларо уколал гьаризе. Нижергун букIине ккела бухьен, лъазе ккола кида щиб хIалтIи жидер гIияе гьабилебали. Эхе, эхеде гочиналъулги нижергун дандбазе ккола. Гочиналде уколал гьарун лъугIизе ккола. Нижеда цебеккун лъазе ккола унеб заман, нух ва кире ине ругелали. Гьелъие цудунго ургъун рукIине ккола.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ПОЧТОВЫЙ КАГЪТИДЕ КЕРЕНГИ ЧУЧУН

# КIкIалахъе балеб гамачIалъ минаялъе зарал гьабулеб буго

## Дуего гьабизе бокьулареб жо чидаеги гьабугейила

**Дир инсул букIараб мина буго Гумбет районалъул МелъелтIа росулъе бугеб нухда гъоркьехун, КъоночIабахъ абулеб бакIалда аскIобегIан. Гьеб мина бан лъугIана 1967 соналъ. Хадусеб соналъ ниж жанире рахъана.**

Ихтияр босичIого нижеца гьениб жанибе сверизабураб бакIги гьечIо, зеленкаги буго. Гьеб мина базе байбихьараб заманалда, бекьулеб хур бугеб бакIалда мина базе бакI кьолароан. ХIамаялъ гамачIги, ракьги, къоноги баччун миччил бугеб бакIалда бараб мина буго гьеб, гьелда гъоркьехун, рес бугеб бакIалда ах-хурги гьабуна, гIезегIанго гIакъубаги бихьун. Гьелъул лъиениги заралги букIинчIо, хIамаялъ кваналеб захцин бижулеб бакIги гьеб букIинчIо. Росуцоязда гьеб кинабго лъала.

Минаялда, пастIабазда аскIобегIан буго кIкIал, жинда жанисан цIад банщинахъе гIемераб лъим чвахулеб. Цебе гьениб ихх ине гIураб гIатIилъи букIана. МелъелтIе нухде хъил тIуралдаса, гьеб кIкIалахъе бачIунеб лъим цIикIкIана, цогидал кIкIалабахъан чвахичIого, нух халаса нижеда аскIосан кIкIалахъе бачIуна. Цебе чвахулеб букIараб бакIалдасан, ай цогидал кIкIалабахъан цIадал лъим иналъе хIалтIи гьабулев чиги вахъинчIо. Гьедин букIаниги, нижеца гIарзги бахъичIо.

Амма гьанже кIкIалахъ батIияб, нижее зарал кьолеб хIал буго. Ахириял соназда гьенибе базе байбихьана гамачI, ракь, хъитIал. Гьеб кинабго чIехьолеб буго нухлул рагIалдасан. Гьеб гьукъизе кIолев чиги гьечIо. Ихх чвахулеб мухъги цIезабуна, нижер ах-хуралъе, хIатта бараб бакIалъецин хIинкъи ккезабулеб буго.

ГIарз бахъана МелъелтIа росдал поселениялъул администрациялде. Мунагьал чураяв дир инсухъе 2016 соналъул 1 марталда МелъелтIа росдал бетIер МухIамад ГIабдулнасировас бачIараб жавабалда хъвалеб буго: «Дур минаялда цебесан бугеб кIкIалахъе ракь, гамачI дуе зарал кколеб куцалда багеян лъазабуна Камал МухIамадовасда. Нахъеккун дуе зарал кколеб хIалалда гьес гамачI, ракь бани нижеда лъазабе» - абун.

ГIабдунасировасухъе хъвараб гIарзаялдайин абуни Камал МухIамадовасул цIарцин хъван букIинчIо. Гьаб жаваб тIаса вихьизавиялъе хъвараб буго.

Дие бугеб заралалъул хIакъалъулъ бицана районалъул архитектораса. ВачIун вукIана участковияв уполномоченный. Гьесги кIкIалахъе гамачI, ракь базе бегьуларин, гIадамаз гьеб бай бугин абуна. Ана прокуратураялде, гьенибги тIадехун рехсараз тIубазе кколеб хIалтIи бугин абуна.

Дир гьари буго гьаб макъала газеталда бахъеян. РакIалде ккола кIкIалахъе гамачI, ракь бай росуцояз жибго телин.

**ГIали ГIалиев**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Бакълъулазул гугарухъаби турниралъул чемпионаллъун рахъана

**Гъуниб районалда тIобитIараб гугариялъул турниралда МелъелтIа лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул речIчIухъабаз призалъулал бакIал ккуна.**

ДЮСШялъул тренер **Мурад МухIамадовас** ругьун гьарурал **Набигула Астимиров** (42 кг.), **Билал Гьиматов** (50 кг.) рахъана турниралъул чемпионаллъун, **Шамил ГIабдурахIмановас** (29 кг.) кIиабилеб бакI, **АхIмад Тимисултановас** (42 кг.) лъабабилеб бакI ккуна. Призалъулал 2-3 бакIал ккуна гьединго, тренер **Камил ГIусмановас** куцарал ДЮСШялъул Цияб Аргъваниб хIалтIулеб филиалалъул речIчIухъаби **МухIамад МухIамадовас** (27 кг.) ва **ГIали Ибрагьимовас** (38 кг.).



Баркула гугарухъабазда бергьенлъаби.

**«Гумбет» РИО**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Каспийскалда къецазда гIахьаллъизе ихтияр

**Дагъистан Республикаялда тIоцебесеб бакIалъе гIоло эркенаб гугариялъул зоналияв къецазда гIахьаллъана Гумбет районалъул МелъелтIа лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул Цияб Аргъваниб бугеб филиалалъул цIалдохъаби.**

2001 – 2002 соназ гьарурал гугарухъаби ун рукIана Хьаргаби районалда тIоритIарал гьел къецазде. Призалъулал бакIал ккуна **Ражаб ХIажиевас** (35 кг.) ва **Сайпудин Каримулаевас** (38 кг.).

- МугIрузул зонаялъул тIаса бищараб командаялда гьорлъе рачана ХIажиев ва Каримулаев ва ихтияр щвана Каспийск шагьаралда тIоритIизе ругел Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло къецазда гIахьаллъизе, - ян абуна ДЮСШялъул тренер **Камил ГIусмановас**.



**«Гумбет» РИО**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц»

### Уважаемые налогоплательщики!

**Межрайонная ИФНС России № 12 по Республике Дагестан предлагает воспользоваться удобным онлайн-сервисом ««Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» в целях самостоятельного контроля состояния расчетов с бюджетом по налоговым платежам.**

Сервис предоставляет информацию:

- о находящихся в собственности объектах недвижимого имущества и транспортных средствах;
- о начисленных и уплаченных налогах, задолженности и переплатах.

Сервис позволяет:

- формировать и распечатывать налоговые уведомления и квитанции на уплату налоговых платежей и налоговой задолженности;
- уплачивать налоги и задолженность безналичным способом в режиме онлайн;
- обращаться в налоговые органы в электронном виде без личного посещения налоговой инспекции.

Сервис реализован на Интернет-портале Федеральной налоговой службы www.nalog.ru.

Для доступа к сервису необходимо получить Регистрационную карту, которая содержит логин (идентификационный номер налогоплательщика - ИНН) и пароль.

Регистрационную карту можно получить, обратившись с заявлением в любую налоговую инспекцию.

Заявление можно заполнить в бумажном виде в налоговой инспекции или в режиме онлайн на стартовой странице сервиса.

При обращении в налоговую инспекцию необходимо предъявить документ, удостоверяющий личность (представитель налогоплательщика предъявляет также документы, подтверждающие его полномочия).

Подключив услугу ««Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», можно полностью контролировать свои налоговые обязательства без посещения налоговой инспекции.

**М. Набиев,**
**начальник межрайонной инспекции № 12 ФНС России, советник государственной гражданской службы РФ 1 класса**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## ЕГЭ ва ОГЭ

**-30 маялда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда Гумбет районалъул школаздаса 9 классалъул 167 цIалдохъанас кьуна гIурус мацIалъул аслияб пачалихъияб экзамен. 31 маялда кьуна хIисаб гIелмуялъул (базовияб) цогояб пачалихъияб экзамен. Гьеб кьуна 79 чияс, - ян бицана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.**

Экзамен кьолеб пункт хIадурун букIана ЕГЭ, ОГЭ кьеялде. Пункталъул кIалтIа лъун букIана махх балагъулеб алат. Киналго аудиториязда хIалтIулел рукIана видеокамераби, телефоназул бухьен хвезабулел алатал. ГIадлунизам цIуниялъе тадбирал гIуцIана Россиялъул МВДялъул Гумбеталъул отделалъул хIалтIухъабаз.

Экзаменазда гIахьаллъана 38 гIуцIарухъан. Гьединго гIахьаллъи гьабуна республикаялъул пачалихъияб экзаменационнияб комиссиялъул вакилзабаз ва общественниял халкколел чагIаз.

Экзаменал ана гIуцIа-къан, гIадлу-низам хвезабиялъул хIужа ккечIого.

**ГIайшат Исламбиева**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

### В МФЦ можно вернуть часть суммы при покупке объекта недвижимости

**Налоговый имущественный вычет – это сумма, уменьшающая размер дохода, с которого взимается налог. Заработная плата, которую получает человек, является лишь 87% от того, что он реально заработал. То есть, 13% из общей суммы работодатель уплачивает за своего сотрудника в качестве налога на доходы физических лиц. Как раз эту сумму в 13% гражданин имеет право вернуть в определенных случаях. В частности, при покупке объекта недвижимости.**

В случае, если человек купил недвижимость стоимостью в 2 млн. рублей, то он может претендовать на возвращение ему лишь 260 тысяч рублей, но не более той суммы, которую он успел уплатить в качестве подоходного налога.

В центрах «Мои документы» предусмотрена услуга, которая позволяет провести операцию по имущественному вычету. Для того, чтобы оформить услугу, вам необходимо обратиться в филиал МФЦ по Гумбетовскому району со следующими документами:

1.Паспорт

2.Справка 2 - НДФЛ (за соответствующий год)

3. Правоустанавливающие документы на недвижимость

4. Чек об оплате стоимости объекта недвижимости.

Стоит отметить, что имущественный вычет можно провести на приобретение объекта недвижимости или земельных участков, при погашении по целевым займам или при погашении процентов по кредитам, полученным в российских банках.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в филиале МФЦ по Гумбетовскому району. Для этого вам необходимо посетить наш центр или обратиться по телефону Call-Centra: 8 938 777 82 92. Мы всегда готовы решить Ваши жизненные проблемные вопросы!

**МФЦ**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Управление Федеральной службы войск национальной гвардии Российской Федерации по Республике Дагестан (Росгвардия)

**Во исполнение пункта 12 Указа Президента Российской Федерации от 09.05.2017 года за № 202 «Об особенностях применения усиленных мер безопасности в период проведения в РФ чемпионата мира по футболу «FIFA- 2018» и Кубка конфедерации «FIFA-2017» с 01.06.2017 г. по 12.07. 2017 г. и с 25.05. 2018 г по 25.07.2018 г. в городах Москва, Казань, Санкт - Петербург и Сочи оборот гражданского оружия запрещено (за исключением хранение и изъятие).**

В связи свыше изложенным, запрещенно въезд в города Москва, Казань, Санкт - Петербург и Сочи в период проведения в РФ чемпионата мира по футболу «FIFA-2018» и Кубка конфедерации «FIFA-2017» с 01.06.2017 г. по 12.07. 2017 г. и с 25.05. 2018 г по 25.07.2018 г. с оружием.

**ЦЛРР УФСВНГ РФ по Республике Дагестан МРО с дислокацией в с. Ботлих**

### В МФЦ Дагестана можно зарегистрировать ГБО

**Подать документы на регистрации газобаллонного оборудования теперь можно в любом многофункциональном центре республики. Обратившись в центр госуслуг, автовладелец, может подать заявку на проведение предварительной технической экспертизы автомобиля и установки ГБО.**

Полученное заключение и другие документы сотрудники МФЦ в электронном виде направляют в подразделение ГИБДД МВД по РД. МФЦ выдает автовладельцу уведомление о постановке в очередь, где указано точное время прохождения процедуры регистрации транспортного средства. Такая форма регистрации позволит водителям сэкономить время и оформить документы на газовое оборудование без лишней беготни.

Напомним, что недавно из-за регистрационного хаоса водители маршруток отказались выходить на работу. Они не успевали зарегистрировать ГБО за отведенное время, поэтому штрафы от инспекторов ГИБДД стали увеличиваться.

Для получения услуги «Подготовка документов для регистрации газобаллонного оборудования на транспортном средстве (ГБО)» в МФЦ могут обратиться как водители легковых, так и грузовых авто.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в филиале МФЦ по Гумбетовскому району. Для этого вам необходимо посетить наш центр или обратиться по телефону Call-Centra: 8 938 777 82 92. Мы всегда готовы решить Ваши жизненные проблемные вопросы!

**МФЦ**

РОСАБИ-РОХХЕНАЛ




КЪАЛАМ ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Дуца гьудуллъун кквe квер гIатIидаб «Гумбет» газета

### Подписка – 2017 (кIиабилеб бащдаб лъагIел)

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие нилъер го районалъул «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула почалъул отделениялдасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

**ХIурматияб росабазул поселениязул бутIрул, газета цIлулел! ХIаракат бахъе 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьабизе.**

**Газеталъул багьа: почалдасан 199,86 гъурущ, редакциялдасан 100 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь КъурмагIъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил кьватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.